

KONTE SUFFOLK



BIWO EGZEKITIF KONTE A

Steven Bellone
EGZEKITIF KONTE SUFFOLK

**Gid Pratisyen Medikal
pou ede Viktim Vyolans
nan Kay nan
Konte Suffolk**

Egzekitif Konte Suffolk Steven Bellone

Vanessa Baird-Streeter, Asistan Egzekitif Adjwen Konte ak Prezidan Gwoup Travay pou
Prevansyon Vyolans Familyal

Grace Ioannidis, Direktè Biwo Sèvis pou Fanm nan Konte Suffolk ak Prezidan Gwoup Travay pou
Prevansyon Vyolans Familyal

Sou-komite Sistèm Jiridik Gwoup Travay Konte Suffolk pou Prevansyon Vyolans Familyal Prezidan yo:

Laura A. Ahearn, Esq., L.M.S.W., Direktris Egzekitif, Sant pou Viktim Zak
Dolores Kordon, M.A., Direktris Egzekitif, Brighter Tomorrows

Revizyon 2019 Pa:

| | | |
|-----------------|---------------------|------------------------|
| Laura A. Ahearn | Direktris Egzekitif | Sant pou Viktim Zak |
| Michael Gunther | Direktè Defans Dwa | Sant pou Viktim Zak |
| Keri Herzog | Chèf Biwo Adjwen | Biwo Pwokirè Distri SC |

Komite Kontribitè Orijinal Ki te Ede Kreye Gid sa a:

| | | |
|-----------------------|-------------------------|---------------------------------------------|
| Laura A. Ahearn | Direktris Egzekitif | Sant pou Viktim Zak |
| Gabriela Castillo | Avoka Pèsonèl | Sepa Mujer, Inc. |
| Edward Goldsmith | Kowòdonatè Pwogram | Depatman Pwobasyon Konte Suffolk |
| Michael Gunther | Direktè Pwogram | Sant pou Viktim Zak nan PFML |
| Keri Herzog | Chèf Biwo Adjwen | Biwo Pwokirè Distri SC |
| Laurie Hulbert | Defansè dwa Moun Aje | VIBS Family Violence and Rape Crisis Center |
| Grace Ioannidis | Konseye Resous pou Fanm | Biwo Sèvis pou Fanm/Jenès nan SC |
| Vivian Keys | Sekretè | Biwo Egzekitif Konte Suffolk |
| Dolores Kordon | Direktris Egzekitif | Brighter Tomorrows |
| Sèjan Robert Krollage | Sèjan | Biwo Cherif SC |
| Frank Krotschinsky | Direktè | Biwo SC pou Moun ki gen Andikap |
| Wendy Linsalata | Direktris Adjwen | L.I. Against Domestic Violence |
| Catherine Lovly | Legal Aid Society | Legal Aid Society |
| Kelly Lynch | Sèjan/Ofisye Kòmandan | SC Police Department Domestic Violence Unit |

KONTE SUFFOLK



BIWO EGZEKITIF KONTE A

Steven Bellone
EGZEKITIF KONTE SUFFOLK

Chè Pratisyen Medikal:

Nan Suffolk County, nou pran angajman pou elimine vyolans nan kay nètalkole. Sou-komite Sistèm Jiridik Gwoup Travay pou Prevansyon Vyolans Familyal mwen an ak anplwaye Egzekitif Konte a te travay san pran souf pou devlope gid sa a pou ede ou lè ou ap travay avèk pasyan ki ka rapòte nenpòt kalite vyolans nan kay. Vyolans nan kay ka rive nan yon kantite fòm diferan tankou abi emosyonèl, abi fizik, abi seksyèl ak abi ekonomik. Viktim yo ka fi oswa gason epi sa ka lakòz domaj emosyonèl ak fizik grav, ansanm ak twoub estrès pòs-twomatik, epi pi grav toujou, lanmò.

Antanke pratisyen medikal, ou byen plase espesyalman pou lite kont vyolans nan kay paske se yon pwoblèm sante ki afekte moun, fanmi yo ak kominote yo. Gid sa a ba ou zouti pou fè depistaj pasyan ki gendwa prezante siy oswa sentòm vyolans nan kay ansanm ak enfòmasyon pou fè referans pou sèvis sipò pou viktim vyolans nan kay yo nan Konte Suffolk.

Mwen vle remèsye ou dèske ou fè li yon priyorite nan pratik ou pou ede viktim vyolans nan kay yo ak patisipe nan solisyon pou kreye yon anviwònman nan Konte Suffolk ki gen zewo tolerans pou tout kalite vyolans.

Ak tout kè mwen,

Egzekitif Konte Suffolk Steve Bellone

Sa Ki nan Tiliv la

| | |
|------------------------------------------------------------------------------|-------|
| Kisa Vyolans nan Kay ye?..... | 5 |
| Prevalans Vyolans nan Kay | 6 |
| Kisa Pratisyen Medikal yo Ka fè | 7 |
| A – Fason pou Poze Pasyan yo Kesyon sou Abi..... | 7-8 |
| V – Valide ke Fwape pa Kòrèk | 8 |
| D – Fason pou Dokimante | 8 |
| R – Refere Viktim yo nan Ajans pou Vyolans nan Kay | 9 |
| Konsekans Vyolans nan Kay Akoutèm ak Alontèm | 11 |
| Timoun ki temwen Vyolans nan Kay oswa Vyolans Familyal | 11-12 |
| Maladi Kwonik Alontèm | 12-13 |
| Enpak Byolojik Estrès Kwonik | 13 |
| Fason pou Jwenn Lòd pou Pwoteksyon nan Konte Suffolk..... | 14-18 |
| Ajans Sipò pou Vyolans nan Kay ak Vyolans Familyal nan Konte Suffolk..... | 16 |

Yon mèsaj espesyal pou Alexis Jetter dèske li bay otorizasyon pou itilize ekstrè nan atik 2013 li a, Vyolans nan Kay: Yon Kòz Kache pou Maladi Kwonik.

Kisa Vyolans nan Kay ye?

Yo konsidere kòm ensidan ki gen Vyolans Familyal zak ki konsène manm fanmi antanke delenkan ak viktim. Vyolans nan kay (patnè entim) ak vyolans familyal (patnè ki pa entim), ansanm ak abi fizik, seksyèl, ak finansye, neglijan ak move tretman timoun, ak abi sou granmoun aje fèt toupatou nan kominote yo kèlkeswa laj, kondisyon ekonomik, ras, relijyon, preferans seksyèl, nasyonalite oswa nivo fòmasyon. Rechèch toujou montre fanm ki gen andikap kèlkeswa laj, ras, gwoup etnik, preferans seksyèl, oswa klas yo, sibi agresyon, kadejak, ak abi nan yon pousantaj ki de (2) fwa plis pase fanm ki pa gen andikap yo.

Vyolans nan kay pa yon pwoblèm jesyon kòlè, men se depreferans yon modèl konpòtman trè entansyonèl, kalkile, kontwole yon moun ki pral fè tout posib li pou kenbe pouvwa ak kontwòl sou viktim nan. Li ka konsène plizyè ane chòk emosyonèl ak sikolojik ansanm ak blesi fizik ki ka vin deplizanpli grav epi ki rive souvan avèk le tan. Epitou vyolans nan kay se pa akòz abi dwòg oswa alkòl; alòske yon moun ta ka gen mwens kontwòl pandan li anba enfliyans dwòg oswa alkòl epi konpòtman yo pi remakab, gen konpòtman ak tandans abizif ki prezan lè li p ap pran okenn dwòg oswa bwè alkòl.

Kèk nan taktik patnè abizif la itilize ka gen ladann imilyasyon, entimidasyon, manipilasyon, abi emosyonèl ak vèbal, agresyon fizik, agresyon seksyèl, pèsikisyon, abi ekonomik, menas oswa aksyon sikolojik, ak izole moun lan de fanmi ak zanmi l. Li se yon epidemi ki afekte moun nan tout kominote kèlkeswa laj, kondisyon ekonomik, ras, relijyon, preferans seksyèl, nasyonalite oswa nivo fòmasyon. Ekspozisyon nan vyolans konsa gen yon konsekans ki fè ravaj sou tout moun ki konsène, ankontan timoun ki abite nan kay la, k ap viv li kòm temwen epi ki pa viktim dirèk yo.

Lè ou ap travay ak pasyan ki kominike nenpòt kalite vyolans nan kay, li itil pou eksplike menmsi sa ka parèt tankou yon ensidan ra epi li pa pral rive ankò, gen plis chans konpòtman an pral ogmante ni nan kantite fwa ni nan gravite apre yon sèten tan. Entèvansyon bonè enpòtan pou ede viktim yo jwenn sekirite, men sa dwe fèt ak anpil prekosyon pou asire ou pa mete viktim lan nan plis risk pou yo fè l mal.

Li enpòtan anpil pou konnen moman ki pi danjere pou yon viktim vyolans nan kay se lè li kite yon relasyon abizif. Moun ki komèt zak la santi li pèdi pouvwa ak kontwòl epi souvan li p ap fè bak devan anyen pou rebran pouvwa ak kontwòl sa. Taktik yo vin gen plis fòs pandan moman danjere sa a epi otè zak yo ka eseye manipile ak fè viktim lan pè dekwa pou li rete oswa pou li tounen nan relasyon an; pou fè sa, yo menase pou kenbe sipò lajan pou timoun yo, yo menase pou fè viktim lan mal, oubyen pou touye l, oswa pou fè sa sou pitit li yo, manm fanmi li yo, zanmi li yo oswa bèt kay li yo. Sèten otè zak respekte menas sa yo, kidonk pi bon mwayen dakasyon se pou mete viktim lan an kontak ak yon founisè sèvis pou vyolans nan kay ki kapab ede fè planifikasyon pou sekirite, aksè nan yon chèltè, lòd pwoteksyon, konsèy ak lòt sèvis sipò ki enpòtan anpil.

Prevalans Vyolans nan Kay

Onivo nasyonal - Vyolans nan kay se kòz prensipal blesi pou fanm ki gen laj ant 15 ak 44 lane Ozetazini, plis pase aksidan machin, vòl ak agresyon, ak kadejak mete ansanm, epi li rete youn nan zak yo manke fè rapò pou li leplisouvan. Estatistik nasyonal yo endike 1 fanm sou 3 ak 1 gason sou 4 te sibi kèk fòm vyolans fizik nan men yon patnè entim nan lavi yo. An mwayèn, prèske 20 moun chak minit viktim vyolans fizik nan men yon patnè entim Ozetazini. Pandan 1 ane, sa egal a plis pase 10 milyon fanm ak gason.

- 85% nan viktim vyolans nan kay yo se fanm. Fanm ki gen ant 20 ak 24 lane gen pi gwo risk sibi vyolans ki pa mòtèl nan men patnè entim.
- Chak jou, 3 fanm mouri akòz vyolans nan kay.
- Mwens pase yon senkyèm nan viktim ki rapòte yon aksidan vyolans nan men patnè entim yo chèche tretman medikal apre aksidan an.

Eta New York – An 2013, te gen plis pase 31,000 agresyon patnè entim ajans lapolis yo ki deyò Vil New York te rapòte nan Eta New York pa; fanm yo te viktim lan nan 80% nan agresyon sa yo, epi se konsa li te ye tou an 2012. Anplis, nan Vil New York poukont li, te gen plis pase 15,000 agresyon patnè entim yo rapòte an 2013.

- Alòske kantite total omisid yo te diminye de 6.5% nan tout Eta a ant 2012 ak 2013, kantite omisid patnè entim te ogmante de 16%, soti 75 pou vin 87 pandan menm peryòd tan sa.
- An 2013, te gen plis pase 15,000 agresyon patnè entim (vyolans famiyal) ajans lapolis deyò Vil New York yo rapòte nan Eta New York, epi lapolis Vil New York te rapòte plis pase 8,000 agresyon ki pa nan men patnè entim.

Konte Suffolk - An 2014, yo te prezante nan Depatman Lapolis Konte Suffolk la 2,726 rapò pou agresyon patnè entim ak lòt enfraksyon vyolan, ankontan enfraksyon seksyèl, ak 2,545 rapò pou agresyon patnè ki pa entim ak lòt enfraksyon vyolan, ankontan enfraksyon seksyèl.

- Anplis 5,271 rapò agresyon entim ak sa ki pa entim ak lòt agresyon vyolan yo te rapòte bay lapolis an 2014, te gen antou 46 enfraksyon seksyèl patnè entim yo rapòte bay lapolis epi 74 enfraksyon seksyèl patnè ki pa entim yo rapòte bay lapolis ant 2010 ak 2014.

Lòd pou Pwoteksyon

Nan Konte Suffolk poukont li, an 2013, te gen 13,328 lòd pou pwoteksyon tanporè ak 4,725 lòd pou pwoteksyon final nan Rejis Vyolans nan Kay Sistèm Tribinal Inifye Eta New York, sa ki reprezante 12% nan total nan tout Eta a (150,431) anwetan Vil New York.

Kisa Pratisyen Medikal yo Ka Fè

Dapre Krimm ak Heinzer nan *Domestic Violence Screening in the Emergency Department of an Urban Hospital (depistaj vyolans nan kay nan departman dijans nan yon lopital lavil)*, “Vyolans nan kay ap fèt nan yon vitès ki efreyan, yo manke rapòte l, epi byen souvan doktè yo ak enfimye/enfimyè yo pa dekouvri li”. “Lè yo trete pwoblèm vyolans nan kay la kòm yon pwoblèm sante piblik grav, sa pèmèt pwofesyonèl swen sante yo jwenn aksè nan pwosesis idantifikasyon ak entèkansyon an. Epizòd vyolans nan mitan patnè yo ak manm fanmi yo lakòz blezi volontè, yon rezilta ki koute fanmi an, kominote a, ak sitwayen yo nan peyi sa a trè chè. Pri a fizik (ogmantasyon bezwen swen medikal, andikap, ak potansyèlman lanmò), emosyonèl (sante sikolojik ki afekte nan fason negatif), ekonomik (pri swen sante vin pi chè epi yo pran taks ki depase kapasite revni yo), ak sosyolojik (gen difikilte pou sekirite, konfyans, ak relasyon nan gwoup yo, si yo pa ravaje). Jistis penal la ak sistèm jidisyè yo te angaje nan kanpay pou rezoud pwoblèm lan, men vyolans lan ap kontinye. Yo dwe abòde pwoblèm sante piblik la tou. Entèkansyon dwe fèt pou kanpe sik vyolans nan kay la. Yo dwe idantifye viktim yo, yo dwe rekonèt vyolans lan pa akseptab, yo dwe ofri bezwen sipò san pote jijman, epi yo dwe mete anplas referans pou sekirite, edikasyon, ak terapi.”¹

AVDR - Senplifye Repons yon Doktè pou Vyolans nan Kay

Modèl AVDR ki dekri pa Gerbert, B., Et. al. parèt nan atik nan mwa Me 2000 nan *Western Journal of Medicine, Simplifying Physicians' Response to Domestic Violence (senplifye repons yon doktè pou vyolans nan kay)*. Yo mande pou pratisyen medikal yo jwe yon gwo wòl nan idantifye, entèvni epi fè swivi pou ka vyolans nan kay yo. Men, se souvan yon travay ki difisil piske viktim yo leplisouvan gen retisans pou bay pratisyen an nenpòt enfòmasyon paske yo pè pou konsekans jiridik ak pèsònèl. Retisans sa a ka rann travay pratisyen medikal la difisil pou li fè dyagnostik ak tretman ansanm ak pou ede viktim vyolans nan kay la. Pratisyen Medikal yo rapòte yo pa mande enfòmasyon regilyèman sou vyolans nan kay pandan premye depistaj pasyan an sitou akòz yo pa gen ase tan epi yo pa yo te okouran chwa ki aladispozisyon pasyan ki devwale sa.

Lè ou teni kont de sa, li kapab itilize yon sistèm depistaj senplifye pou redui kantite tan ki nesèsè a, epi gras a itilizasyon kowòdone ak lòt resous ki gen nan gid sa a, yon pwofesyonèl swen medikal kapab plis itil pou yon viktim pase sa li te panse.

Avèk itilizasyon yon metòd yo rele **AVDR**, travay pratisyen medikal la amelyore nan kat (4) domèn sa yo: Poze (Asking) pasyan yo kesyon sou abi, Valide mesaj ke li pa bon pou frape moun epi konfime valè pasyan yo, Dokimante siy, sentòm, ak devwalman yo, ak Refere viktim yo ba espesyalis vyolans nan kay.

Kijan AVDR fonksyone

(A) POZE KESYON (ASKING):

Lè pratisyen medikal yo mande enfòmasyon regilyèman sou vyolans nan kay yo, yo reyalize avèk siksè yon pati enpòtan nan pwosesis entèkansyon an paske yo ranfòse mesaj ki di vyolans nan kay pa bon epi se pa yon pwoblèm sosyal sèlman, men se yon pwoblèm swen sante tou. Lè yo fè kesyon sa yo yon pati nan pwosesis depistaj woutin lan, sa ede diminye malèz pou ni pratisyen an ni pasyan an. Sekans kesyon an ta dwe konfidansyèl, li pa dwe genyen pote jijman ladann, sa ki pèmèt pasyan an lib pou l pale epi bay pratisyen an posiblite pou koute ak evalye.

Kesyon pou Depistaj Vyolans nan Kay

- 1- Èske ou santi ou an sekirite avèk moun ki nan kay ou?
____ NON, pa an sekirite WI, an sekirite ____

- 2- Èske ou te santi yon moun ki enpòtan pou ou kontwole ou oswa li fòse ou fè yon bagay ou pa vle fè?
____ WI NON ____

- 3- Nan ane ki sot pase a, èske yon moun nan kay ou te fwape ou, souflele, choute, toufe, bouskile, oswa fè ou mal fizikman nan lòt fason?

Si se WI, ki relasyon moun sa genyen avèk ou? ____ Kantite fwa ____

- 4- Nan ane ki sot pase a, èske nenpòt moun te fòse ou fè aktivite seksyèl san ou pa vle?
Si se WI, ki relasyon moun lan genyen avèk ou? ____ Kantite fwa ____

- 5- Èske ou pè patnè ou oswa nenpòt ki moun petèt nan kay ou?
____ Wi ____ Non

Lòt Kòmantè Pasyan an:

(V) VALIDASYON:

Pandan pwosesis depistaj la, pratisyen medikal yo dwe raple pasyan yo tout kalite vyolans nan kay pa bon. Pandan y ap rekonèt reyalyte sa a, li enpòtan tou pou yo konfime valè pasyan yo. Lè li reafime valè debaz pasyan an, li raple pasyan an li pa merite pou y ap maltrete li, li pa pote jijman epi li montre byenveyans, yon pratisyen medikal ka ede yon pasyan, menm si li pa abòde dirèkteman okenn pwoblèm vyolans nan kay.

(D) DOKIMANTE:

Pratisyen medikal la dwe dokimante siy ak sentòm abi a ansanm ak nenpòt revelasyon konsènan abi a viktim lan kominike. Òganizasyon Physicians for a Violence Free Society (doktè pou yon sosyete san vyolans) rekòmande pou notasyon yo nan dosye medikal la byen presi ak detaye ankontan dokimantasyon deklarasyon dirèk yon pasyan sou nenpòt abi olye pou itilize nenpòt tèminoloji medikal oswa jiridik.

(R) REFERANS:

Depi li fin etabli yon pasyan se yon viktim vyolans nan kay, yo ta dwe refere pasyan an bay anplwaye travayè sosyal ak/oswa lòt pèsònèl kalifye ki ka ede viktim vyolans nan kay yo ak ba yon ajans defans dwa ki pral ede yo jwenn sèvis sipò kominotè konplè. Travayè sosyal kalifye yo, defansè dwa yo ak konseye yo ka pran istwa konplè ka yo, dokimante lòt epizòd vyolans nan kay, refere yo nan yon pakèt pwogram ki deja egziste pou fè viktim yo konnen planifikasyon sekirite ak lòt sèvis anplis. Si ou konnen gen timoun nan kay la, antanke rapòtè obligatwa, ou ka oblije kontakte sèvis pou pwoteksyon timoun yo.

Referans pou Sèvis Sipò pou Viktim Vyolans nan Kay

Ajans Konte Suffolk ki bay sèvis sa yo ak nimewo Liy Dirèk pou kontakte yo se:

- | | Biwo/Liy Asistans |
|-----------------------------------------------------------|----------------------------------|
| • L.I. Against Domestic Violence | (631) 666-7181/(631) 666-8833 |
| • Brighter Tomorrows | (631) 395-3116/(631) 395-1800 |
| • Crime Victims Center (Sant Viktim Zak) | (631) 689-2672/(631) 332-9234 |
| • The Retreat | (631) 329-4398/(631) 329-2200 |
| • Sepa Mujer | (631) 650-2307 (Li pa 24 Èdtan) |
| • VIBS Family Violence and Rape Crisis Center | (631) 360-3730/(631) 360-3606 |
| • Suffolk County Police Domestic Violence and Elder Abuse | (631) 854-7520/ 911 apre lè biwo |
| • Nan Ka Dijans KONPOZE 911 | |

Si viktim vyolans nan kay la pa reprezante:

Pou jwenn fòm jiridik yo, enfòmasyon, rechèch jiridik ak resous pou referans jiridik kontakte:

- | | |
|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------|----------------|
| • Nassau Suffolk Law Services: | (631) 232-2400 |
| • Pwogram Resous Bibliyotèk Dwa pou Piblik la (Law Library Resource Program, LLRP): | (631) 853-6064 |
| • Sant pou Viktim Zak lan founi asistans gratis pou aplikasyon pou VISA U pou viktim zak vyolan ki kalifye yo: | (631) 689-2672 |

Si Pasyan an te viktim Kadejak oswa Agresyon Seksyèl nan 96 èdtan ki sot pase yo:

Sant Egzaminatè Enfimye/Enfimyè pou Agresyon Seksyèl (Sexual Assault Nurse Examiner, SANE) founi sèvis enfimye/enfimyè otorize ki gen fòmasyon avanse nan tretman delika ak preparasyon klinik pandan egzamen medikolegal pou viktim agresyon seksyèl yo. Kontakte Family Violence and Rape Crisis Center nan (631) 360-3606 pou jwenn plis enfòmasyon sou Sant SANE yo ak sou Pwogram Konpayon pou Sèvis Dijans lan. Epitou, kontakte Crime Victims Center for Emergency Room SAFE Exam Rape Crisis Counselor Accompaniment pou prizonye Konte Suffolk (833) CVC-4ALL.

Stony Brook University Medical Center

101 Nicholls Road
Stony Brook, New York 11794

Good Samaritan Hospital Medical Center

1000 Montauk Highway
West Islip NY 11795

Peconic Bay Medical Center

1300 Roanoke Avenue
Riverhead, NY 11901

Itilizasyon AVDR Pandan yon Depistaj Woutin

Itilizasyon pwosesis AVDR a pandan yon depistaj woutin ka asire chak fwa yon pratisyen medikal oswa yon founisè sèvis medikal rekonèt siy oswa sentòm vyolans nan kay oswa lè yon pasyan devwale ensidan yo, pratisyen an ka ede pasyan an jwenn èd ki nesèsè pandan l ap raple pasyan an li pa oblije aksepte okenn fòm abi antanke viktim vyolans nan kay. Lè pratisyen medikal la oswa founisè sèvis la dokimante byen enfòmasyon li jwenn oswa yo devwale ba li, sa pèmèt pratisyen an gen enfòmasyon ki nesèsè pou fè bay pasyan an referans pou konsèy, bezwen debaz, oswa èd jiridik.

Nou pa kapab souzestime enpòtans pwofesyonèl swen medikal la pou ede viktim vyolans nan kay yo. Lè yo bay pwofesyonèl swen medikal yo yon apèsi senplifye depistaj la, yo ka ede gide yon viktim nan bon direksyon pou li jwenn èd ki pa medikal. Pwofesyonèl swen medikal yo ap devlope tou yon pi bon rapò epi konpreyasyon lè yo konsidere ajans ak sistèm èd yo kòm yon kalite referans olye yon sous enfòmasyon deyò ki pral ede yo konprann ak geri efè fizik ak mantal vyolans nan kay genyen akoutèm ak alontèm sou viktim lan.

NÒT:

Konsekans Vyolans nan Kay Akoutèm ak Alontèm

Gen yon pakèt konsekans akoutèm ak alontèm anpil viktim fanm dwe konsidere lè y ap chwazi si pou yo kite yon relasyon vyolan. Pa egzanp, anpil fanm rete nan relasyon abizif pou evite vanjans anvè yo oswa anvè pitit yo. Dapre Payne ak Wermeling nan *Domestic violence and the female victim (vyolans nan kay ak viktim fanm)*, gen etid ki montre pi gwo risk pou blezi grav oswa lanmò nan vyolans nan relasyon entim se nan moman separasyon an, oswa lè yo pran desizyon pou separe. Payne ak Wermeling rapòte tou jiska 50 pousan nan tout fanm ki viktim zak vyolan rapòte yo te pè abizè gason an pral chèche fè kèk kalite vanjans sou yo, si viktim yo patisipe nan pouswit jidisyè. Nan anpil sitiyasyon abizif, fanm ki viktim yo eseye diminye sitiyasyon an nan pale ak gason abizè a, goumen pou defann yo, oswa satisfè demann patnè yo pou eseye rezoud pwoblèm lan. Lè abi a kontinye, anpil fanm vin pasif, oswa repliye sou tèt yo emosyonèlman pou diminye danje imedya yo. Anfennkont, anpil chwazi viv yon vi ki chaje ak abi, oswa komèt swisid oubyen omisid.

Timoun ki temwen Vyolans nan Kay oswa Vyolans Familyal

Vyolans nan kay pa afekte moun ki viktim abi a sèlman, men tou li gen yon gwo efè sou manm fanmi yo, zanmi, kòlèg travay, lòt temwen yo, ak kominote a annantye. Timoun, ki grandi kòm temwen vyolans nan kay, fè pati moun zak sa a afekte gravman. Dapre Murray nan, *Why doesn't she leave? (poukisa li pa pati?)*, lè yo ekspoze souvan nan vyolans nan kay la, sa non sèlman prepare anpil timoun pou yo gen anpil pwoblèm sosyal ak fizik, men tou li anseye yo vyolans se yon mòd vi ki nòmal, epi konsa li ogmante risk pou yo vin pwochen jenerasyon viktim ak abizè nan sosyete a.

Vyolans nan kay lakòz chòk pou timoun ki temwen yo. Nenpòt gwo chòk, tankou vyolans nan kay nan ane devlopman (0 – 5 lane) ka jennen sèvo ak devlopman konpetans timoun nan. Dapre Stover, nan *Domestic violence research: what have we learned and where do we go from here? (rechèch sou vyolans nan kay: kisa nou te aprann ak ki kote nou prale apati de la?)* oto-apezman, solisyon pwoblèm, kominikasyon, konesans, ak ladrès entèpèsònèl, yo tout ka afekte nan fason negatif, alòske yon anviwònman ki an sekirite favorize aprantisaj ladrès ki ede fè fas ak pwoblèm yo pral rankontre sanmank nan lemonn. Anplis de sa, 30% jiska 60% otè vyolans patnè entim yo komèt abi sou timoun ki nan kay la tou.

Toudepan laj ak sèks timoun nan, reyaksyon nan anviwònman yo ka manifeste nan plizyè fason. Dapre Grovert, nan *Domestic violence against women, a literature review (vyolans nan kay sou fanm, yon revizyon literati)*, timoun ki ekspoze nan vyolans familyal yo gen plis chans pou yo devlope pwoblèm sosyal, emosyonèl, sikolojik ak oswa pwoblèm konpòtmantal pase sa ki pa ekspoze yo. Dènye rechèch ki fèt endike timoun ki temwen vyolans nan kay prezante plis pwoblèm anksyete, amoupwòp ba, depresyon, kòlè ak pwoblèm tanperaman pase timoun ki pa temwen vyolans lakay yo. Chòk yo sibi yo ka parèt nan twoub emosyonèl, konpòtmantal, sosyal ak fizik ki afekte devlopman yo epi yo ka kontinye nan laj adilt.

Ti gason ki temwen vyolans nan kay gen de (2) fwa plis chans pou abize pwòp patnè yo ak timoun yo lè yo vin granmoun. Yo te demontre tou ekspozisyon nan vyolans yon paran sou yon lòt paran se yon endikatè vyolans patnè entim ki pral komèt alavni kèlkeswa sèks moun la. Sa vrè espesyalman kay moun yo te fè dyagnostik twoub konpòtman pou yo nan adolesans (Murray, 2008). Rezilta sa yo montre yon modèl ekspozisyon vyolans nan kay ki lakòz yon twoub konpòtman, ki asosye avèk yon pi gwo pousantaj zak vyolans nan kay ki komèt.

Maladi Kwonik Alontèm

Ekstrè ki annapre yo soti nan, *Domestic Violence: A Hidden Cause of Chronic Illness* (vyolans nan kay: yon koz kache maladi kwonik), pa Alexis Jetter (2013). “Vyolans nan kay gen yon demi-vi ki trè long. Fi ki kite abizè yo sa gen senk (5), 10, epi menm 20 ane desa epi ki te kwè yo te fèmen chapit sa a nan lavi yo, yo fè fas kounye a ak pousantaj pwoblèm sante kwonik ki pi wo anpil pase nòmal, ki gen ladan atrit ak maladi òmòn, opresyon, dyabèt, tansyon wo, doulè kwonik, gwo maltèt ak sendwòm kolon iritab. Kòm rezilta, fanm sa yo depanse prèske 20 pousan plis lajan nan swen medikal pase lòt fanm. Depans medikal anyèl Ozetazini akòz vyolans nan kay, ansanm ak agresyon ki ansyen anpil lakòz pwoblèm sante toujou, ki varye ant \$25 milya dola ak \$59 milya dola, dapre yon etid Sant Ozetazini pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi te finanse an 2008.

Kèk nan domaj yo soti nan ansyen blezi fizik, kèk soti nan estrès kwonik ki gen nan lavi moun k ap viv nan laperèz pandan twò lontan. Rezilta sa yo te yon sipriz menm pou chèchè ki ap eksplore koneksyon ant DV (vyolans nan kay) ak maladi kwonik. Michele Black, yon epidemyolojis nan CDC ki te otè prensipal yon rapò referans sou maladi ki gen rapò ak DV an 2011 di konsa: “Lè mwen te kòmanse travay sa a sa gen plis pase dizan, nou te konnen fanm ki te sibi vyolans te nan pi gwo risk pou yo devlope maladi kwonik tankou opresyon men konpreyansyon sou lyen biyolojik nou te genyen an te limite. ‘Kounye a, nou kòmanse konprann poukisa. Yon fanm nan yon relasyon vyolan souvan nan eta alèt: li ka pè pou yo pa touye l oswa li enkyete pou timoun li yo; si li eseye pati, yo ka pèsekite l. Tout estrès sa reyèlman toksik. Pa gen okenn ògàn ki alabri. Tout kò ou an danje.’

Domaj la, ki pèsiste lontan apre vyolans lan fini, kapab afekte fonksyon nan sèvo yon fanm, sistèm andokrinyen, repons iminitè—epi menm nan ADN li. Yon etid resan nan School of Nursing nan University of California nan San Francisco te jwenn fanm ki te andire peryòd tan abi ki long, espesyalman si yo te gen jenn timoun nan moman sa, yo gen tandans pou gen telomè (seksyon ADN ki kouvri pwent kwomozòm yo pou pwoteje yo) ki pi kout pase lòt fanm yo. Telomè yo diminye repons nan estrès kwonik, ki ka lakòz lanmò selil yo twò bonè.

Rezilta a: Menm fanm ki kite abizè yo apre anpil ane avan sa souvan gen pwofil fizyolojik yon fanm ki gen dizan anplis. Marilyn Ford-Gilboe, yon pwofesè nan Western University nan Ontario ki etidye fanm ki kite abizè yo di konsa: “Nou gen tandans panse on fwa vyolans lan fini, tout bagay anfòm epi fanm lan kòmanse yon nouvo vi”. ‘Men, li vin gen 45 lane epi li gen tout kalite vye pwoblèm sante, epi l ap mande, kikote sa soti? Fanm sa a gen pwoblèm sante ki gen plis chans rive nan yon fanm ki pi granmoun.’

Anpil fanm ki reskape vyolans nan kay (DV) ki ale nan sèvis dijans te soufri chòk twomatik nan tèt, nan figi ak nan kou, epi gen yon estimasyon 54 a 68 pousan yo te trangle; yon tyè nan fanm yo ki trete pou DV nan yon sal dijans te pèdi konesans omwen yon fwa kòm yon konsekans abi. Epi poutan, souvan yo pa fè dyagnostik blezi ki chanje lavi sa yo, paske yo pa byen egzamine fanm yo ase, yo pa mande yo kisa ki te rive yo, yo pa pale sou blezi yo avèk doktè yo oswa yo di pèsònèl medikal la sa men yo pa kwè yo. Malgre

trangleman ka lakòz pèt memwa alontèm, estwok ak pwoblèm respiratwa, nan mwaye ka yo nèt, li pa kite okenn mak vizib sou kou a. Yo ekate souvan lòt siy ki revele trangleman, tankou yon vwa anwe.”

Vyolans nan kay gen yon enpak fizik grav alontèm tou sou viktim yo. Ekstrè ki annapre yo soti nan, *Domestic Violence: A Hidden Cause of Chronic Illness (vyolans nan kay: yon koz kache maladi kwonik)*, pa Alexis Jetter (2013).

ENPAK BYOLOJIK ESTRÈS KWONIK

“Pèsonn pa konprann nèt poukisa fanm ki te chape anba Vyolans nan Kay tonbe malad plizyè ane pita. Men Bruce McEwen, yon newosyantifik nan Inivèsite Rockefeller nan Vil New York ki se yon ekspè nan byoloji estrès, di li toutafè lojik pou fanm ki soufri vyolans nan kay nan ventèn yo ap lite, plizyè deseni pita, ak maladi tankou opresyon, dyabèt, tansyon wo ak atrit. Chak nan pwoblèm sa yo ka deklanche ak yon anflamasyon ki gen rapò ak estrès ak yon reyaksyon batay-oswa-sove ki deklanche san kontwòl. McEwen di: ‘Fanm sa yo te nan yon eta alèt ak vijilans san rete, ki se yon repons ki trè apwopriye si y ap viv an danje’. Men, si sitiyasyon fanm lan vin pi an sekirite epi li toujou nan yon eta de ipèksitasyon, jan sa rive souvan, lè sa ou ka gen pwoblèm ki dire lontan. Lè sistèm nan ki ede nou siviv pouse jouk nan limit li epi li defòm, lè sa li kontribye kreye maladi.’ McEwen rele tansyon sa ‘chaj alostatik’, yon tras newochimik ak òmonal ki ka estoke pandan anpil ane—byen lontan apre yon fanm chape poul li—nan souvni twomatik ki entegre nan sèvo a. Souvni sa yo, ki estoke nan amigdal sèvo a, jenere sitokin, ki se mesaj chimik ki anplifye anflamasyon nan prèske chak sistèm nan kò a. Kòm repons, kò a degaje kòtizòl, òmòn estrès la.

Nòmman sistèm kontwòl amoni kò a kenbe repons sa anba kontwòl. McEwen di, men si memwa twomatik nan sèvo a kontinye sonnen alam lan pandan anpil ane apre epi jenere twòp enflamasyon pandan twò lontan, kò a ka vin ensansib nan efè kontwòl kòtizòl la. Anflamasyon an kapab lakòz atè kowonè yo bouche, ogmante tansyon, donmaje pwosesis metabolik kò a, anflame pasaj respiratwa yo ak pwovoke detrès gastwoentestinal. Pandansetan, nan de tan twa minit, kòtizòl la inonde kò a, l ap eseye sispann enflamasyon an, men alapas li deranje somèy, li favorize rezistans kont ensilin ak akselere atewosklewoz. Predispozisyon jenetik lè sa ka detèmine poukisa yon fanm vin dyabetik alòske yon lòt devlope opresyon oswa tansyon wo. Jacquelyn Campbell nan Johns Hopkins eksplike ‘Fanm sa yo te petèt deja gen tansyon wo kanmenm’. ‘Men olye yo genyen li nan a 60 lane, yo genyen l a 40 lane, epi li pi difisil pou kontwole.’ Jis pou fè sitiyasyon an pi konplike: li kontinye pou di, ‘Fanm ki nan relasyon abizif yo souvan te viktim abi sou timoun, kadejak oswa vyolans nan renmen tou’. ‘Anpil te wè papa yo ap fwape manman yo. Yo gen chemen byen bonè sa yo ki defini, konsa lè y ap bat yo, li deklanche tout bagay sa yo.’”

Yon moun ki Viktim Vyolans nan Kay ka jwenn yon lòd pou pwoteksyon nan konte Suffolk nan Tribinal Penal ak Tribinal Fanmi:

Gen de (2) kalite lòd pou pwoteksyon, yon lòd pou pwoteksyon Tribinal Fanmi ak yon lòd pou pwoteksyon Tribinal Penal:

1. Lòd pou pwoteksyon Tribinal Penal?

- Yon lòd pou pwoteksyon tribinal penal bay pwoteksyon pou moun ki swadizan viktim zak ak/oswa temwen zak lè lapolis depoze yon akizasyon penal kont yon akize.

2. Lòd pou pwoteksyon Tribinal Fanmi

- Yon moun ki swadizan viktim pa bezwen yon rapò lapolis oswa yon akizasyon penal pou li jwenn yon lòd pou pwoteksyon nan Tribinal Fanmi. Sa se yon lòd sivil ki bay pwoteksyon pou moun ki swadizan viktim nan men yon moun ki komèt yon enfraksyon famiyal kont moun ki swadizan viktim lan EPI se yon moun viktim prezime a marye/te marye ak li, yon moun viktim prezime a gen rapò ak li nan san oswa nan maryaj, yon moun viktim prezime a gen pitit ak li an komen, oswa yon moun viktim prezime a gen/te gen yon relasyon entim ak li.

Yon moun ki swadizan viktim yon enfraksyon famiyal ka ale nan Tribinal Fanmi nan Central Islip oswa nan Riverhead pou aplike pou yon lòd pou pwoteksyon. Enfraksyon famiyal yo endike nan paj 15 ak 16. Pa gen okenn frè pou depoze yon lòd pou pwoteksyon.

- Nan Tribinal Fanmi, moun ki mande lòd pou pwoteksyon an rele “petisyonè” a. Yo rele moun yo mande lòd pou pwoteksyon kont li a, “defandè” a.

Ki enfòmasyon ki nesèsè pou Tribinal Fanmi?

- Non, adrès, enfòmasyon pou kontak ak dat nesans tout pati konsène yo.
- Yon deskripsyon sa ki te rive yo.
- Dat apeprè lè yo te komèt zak yo.

Ki lòt enfòmasyon anplis ki ka itil?

- Rapò lapolis oswa rapò ensidan vyolans nan kay ak temwen yo, si genyen.
- Èske defandè a posede yon zam? Si se wi, ki kalite?

Li ta itil pou konnen oswa pou gen pou defandè a:

- Foto
- Non Konplè ak Dat Nesans
- Adrès
- Nimewo Telefòn Kay
- Nimewo Telefòn Selilè ak Nimewo Travay
- Mak, Kalite, Ane, Plak, Koulè Machin
- Non ak Adrès Travay
- Ras, Gwoup etnik
- Wotè, Pwa, Koulè Cheve, Zye
- Tatou/Lòt Karakteristik Distenktif

Konbyen tan yon lòd pou pwoteksyon pèmanan dire?

- Nan Tribinal Fanmi, yon lòd pou pwoteksyon final ka dire yon lane jiska senk (5) lane, toudepan sa ki te pase nan ka pa ou an prezizeman.

Kisa “evite” vle di nan yon lòd pou pwoteksyon?

- “Evite” vle di defandè a pa dwe fè sèten zak oswa gen sèten konpòtman

Kisa “rete lwen” vle di nan yon lòd pou pwoteksyon?

- Yon lòd “rete lwen” ka bay defandè a lòd pou li rete lwen petisyonè a ak/oswa kay, lekòl ak/oswa anplasan travay petisyonè a. Li ka bay defandè a lòd pou li rete lwen yon timoun/plizyè timoun youn oswa toulède pati yo.

Kilè lòd la vin anplas?

- Menm kote yo remèt defandè a lòd la ofisyèlman.

Kilè yo remèt defandè a yon lòd pou pwoteksyon ofisyèlman?

- Yon ajan nan biwo Cherif la ap remèt lòd la ofisyèlman san pèdi tan, lajounen kou lannwit. Ajan an ap fè tantativ pou remèt lòd la ofisyèlman lakay defandè a oswa nan lye travay li, oswa nan nenpòt adrès valab petisyonè a bay. Cherif la ap kontinye fè tantativ pou remèt lòd pou pwoteksyon an ofisyèlman, men si defandè a evite resevwa lòd la, lòd la pa kapab aplike.

Si jij la bay yon lòd pou “rete lwen” epi defandè a ak petisyonè a abite menm kote, nan ki delè defandè a dwe pati?

- Menm kote yo remèt defandè a lòd la ofisyèlman. Li ka gen otorizasyon pou rekipere zafè pèsònèl li, avèk èd Cherif la oswa Lapolis, epi yo ka akonpaye li nan kay la.

E si pa gen yon dispozisyon pou “rete lwen”?

- Defandè a ka kontinye rete avèk petisyonè a. Si pati yo ap viv ansanm yo ka kontinye fè sa.

E si defandè a dezobeyi lòd pou pwoteksyon an?

- Si defandè a vyole lòd la, ou dwe rele 911 pou kontakte lapolis. Si lapolis decide te gen vyolasyon lòd la, y ap fè yon arestasyon. Si yon arestasyon fèt pou yon vyolasyon lòd pou pwoteksyon Tribinal Fanmi, y ap mete akizasyon Dezobeyisans sou defandè a, ki se yon ti zak. Anplisdesa, jij tribinal penal la ka akòde viktim nan yon lòd pou pwoteksyon. Biwo Pwokirè Distri a ka bay kopi lòd pou pwoteksyon tribinal penal la bay.
- Si defandè a vyole yon lòd pou pwoteksyon Tribinal Fanmi, viktim nan ka depoze tou yon petisyon pou vyolasyon nan Tribinal Fanmi. Yo dwe remèt defandè a ofisyèlman petisyon pou vyolasyon an ak yon sitasyon pou konparèt, oswa tribinal la ka bay yon manda pou arete defandè a. Tribinal Fanmi an ap òganize yon odyans pou detèmine si defandè a te dezobeyi lòd pou pwoteksyon an ak pou decide ki aksyon yo ta dwe pran kont defandè a. Yo ka mande pou Depatman Pwobasyon fè yon ankèt epi fè yon rekòmandasyon bay tribinal la. Jij la ka bay lòd pou yon peryòd anprizònman pou jiska 6 mwa, oswa yon chanjman nan kondisyon yo ki nan lòd pou pwoteksyon an (pa egzanp yon pwolongasyon lòd la pou pi lontan pase premye peryòd la). Yo ka bay defandè a lòd pou li peye frè avoka petisyonè a pou vyolasyon an.

Èske yon lòd pou pwoteksyon garanti sekirite yon moun?

Yon lòd pou pwoteksyon **pa kapab garanti sekirite** epi li enpòtan pou viktim vyolans nan kay la toujou kontakte lapolis si yo vyole lòd la ak pou li gen yon plan pou sekirite. Si defandè a vyole (pa obeyi) lòd la, men kèk bagay ki ka rive pou ede kenbe viktim yo plis an sekirite:

- Si yo jwenn defandè a te vyole lòd tribinal fanmi an, defandè a ka pran prizon
- Yo ka akize defandè a pou yon zak ki pi grav tankou dezobeyisans, epi DA a ta ka pouswiv li devan lajistis.
- Yo ka retire zam nan men defandè a.
- Yo ka bay yon lòd ki pi restriktif ak/oswa ki dire pi lontan.

Ajans Konte Suffolk ki bay sèvis sa yo ak nimewo Liy Dirèk pou kontakte yo se:

- | | |
|-----------------------------------------------------------|---------------------------------|
| • L.I. Against Domestic Violence | (631) 666-7181/(631) 666-8833 |
| • Brighter Tomorrows | (631) 395-3116/(631) 395-1800 |
| • Crime Victims Center at PFML (Sant pou Viktim Zak) | (631) 689-2672/(631) 332-9234 |
| • The Retreat | (631) 329-4398/(631) 329-2200 |
| • Sepa Mijer | (631) 650-2307 (Li pa 24 Èdtan) |
| • VIBS Family Violence and Rape Crisis Center | (631) 360-3730/(631) 360-3606 |
| • Suffolk County Police Domestic Violence and Elder Abuse | (631) 854-7520 |
| • Nan Ka Dijans, RELE 911 | |

Si viktim vyolans nan kay la pa reprezante:

Pou jwenn fòm jiridik yo, enfòmasyon, rechèch jiridik ak resous pou referans jiridik li dwe kontakte:

Nassau Suffolk Law Services: (631) 232-2400
Pwogram Resous Bibliyotèk Dwa pou Piblik la
(Law Library Resource Program, LLRP): (631) 853-6064

Sant pou Viktim Zak lan founi asistans gratis pou aplikasyon
pou VISA U pou viktim zak vyolan ki kalifye yo: (631) 689-2672

Si ou pa reprezante ou:

Pou jwenn fòm jiridik yo, enfòmasyon, rechèch jiridik ak resous pou referans jiridik kontakte:
Nassau Suffolk Law Services: (631) 232-2400
Pwogram Resous Bibliyotèk Dwa pou Piblik la
(Law Library Resource Program, LLRP): (631) 853-6064

Yo Dwe Ankouraje Viktim Vyolans nan Kay yo pou yo Gen yon Plan anplas pou Sekirite ki ka gen ladan prepare yon valiz (yo ka pran ak pote byen fasil) epi sa ki annapre la yo:

- Bagay endispansab pou tèt pa yo ak pou timoun yo, ankontan rad ak tout medikaman
- Kopi nenpòt desizyon tribinal ki bay lagad, dwa vizit, pwoteksyon oswa sipò
- Batistè, dosye lekòl ak dosye vaksinasyon, dosye medikal, kanè adrès, kat sekirite sosyal, lisans chofè, lisans maryaj oswa papye divòs, enfòmasyon sou asirans

- Dokiman sèvis sosyal ak/oswa Medicaid si sa aplikab
- Paspò oswa grinkat
- Nimewo telefòn enpòtan pou kontakte nan yon ijans
- Kle kay ak machin, ak anrejistreman ak asirans machin
- Lajan, kanè bank, kanè chèk, kat kredi, dosye finansye

Si yo komèt nenpòt oswa yon konbinezon enfraksyon familyal annapre la yo, yon viktim vyolans nan kay gendwa kalifye pou yon lòd pou pwoteksyon (tanporè/pèmanan). Rezime ki annapre la yo konsènan enfraksyon familyal ap ede ou bay bonjan enfòmasyon pou yon pasyan ou kwè ki gendwa yon viktim vyolans nan kay.

ENFRAKSYON FAMILYAL YO se:

Konpòtman Dezòdone- fè espere pou pwovoke enkonvenyan, kontraryete oswa alam pou piblik la.

Pèsekisyon Agrave 2^{yèm} Degre - Seksyon 240.30 – 1. Avèk entansyon pou pèsekite yon lòt moun, otè a swa (a) kominike, nan fason anonim oswa nan lòt fason, nan telefòn, sou konpitè oswa ak nenpòt lòt mwayen elektwonik, oswa pa lapòs, oswa ak transmisyon oswa livrezon nenpòt lòt kalite kominikasyon, yon menas pou fè domaj fizik, oswa yon domaj ilegal kont pwopriyete, kont yon moun, oswa yon manm fanmi moun lan oswa moun nan kay li, epi otè a konnen oswa ta dwe gen rezon konnen kominikasyon an ap lakòz pou moun nan gen rezon krenn domaj pou sekirite fizik moun nan oswa pwopriyete moun nan, oswa pou sekirite fizik oswa pwopriyete yon manm fanmi moun nan oswa moun nan kay li; oswa (b) lakòz yon kominikasyon kòmmanse nan fason anonim oswa nan lòt fason, nan telefòn, sou konpitè oswa ak nenpòt lòt mwayen elektwonik, oswa pa lapòs, oswa ak transmisyon oswa livrezon nenpòt lòt kalite kominikasyon, yon menas pou domaj fizik, oswa yon domaj ilegal kont pwopriyete, kont yon moun, oswa yon manm fanmi moun lan oswa moun nan kay li, epi ootè a konnen oswa ta dwe gen rezon konnen kominikasyon an ap lakòz pou moun nan gen rezon krenn domaj pou sekirite fizik moun nan oswa pwopriyete moun nan, oswa pou sekirite fizik oswa pwopriyete yon manm fanmi moun nan oswa moun nan kay li; oswa 2. Avèk entansyon pou pèsekite oswa menase yon lòt moun, li fè yon koutfil, kit wi ou non vin gen yon konvèsasyon ki fèt, san okenn objektif pou yon kominikasyon lejitim; oswa 3. Avèk entansyon pou pèsekite, anbete, menase oswa alame yon lòt moun, fwape, pouse, choute li, oswa nan nenpòt lòt fason, fè yon lòt moun sibi kontak fizik, oswa fè tantativ oswa menase pou fè bagay sa yo akòz kwayans oswa pèsèpsyon li gen konsènan ras, koulè, orijin nasyonal, zansèt, sèks, relijyon, pratik relijye, laj, andikap oswa preferans seksyèl moun nan, kit wi ou non kwayans lan oswa pèsèpsyon an kòrèk; oswa 4. Avèk entansyon pou pèsekite, anbete, menase oswa alame yon lòt moun, fwape, pouse, choute li, oswa nan nenpòt lòt fason, fè yon lòt moun sibi kontak fizik, epi konsa li lakòz domaj fizik pou moun nan oswa pou yon fanmi oswa yon moun nan kay moun nan; oswa 5. Li komèt zak pèsekisyon nan premye degre epi li te kondane deja pou krim arasman nan premye degre nan dis lane anvan yo jan li defini seksyon 240.25 nan atik sa a.

Pèsekisyon 1^{mye} Degre- fè espere epi plede pèsekite yon lòt moun, nan pèsekite moun nan yon andwa piblik oswa ozalantou yon andwa piblik, oswa nan adopte yon konpòtman oswa nan plede komèt zak ki fè moun nan gen rezon pou krenn domaj fizik.

Pèsekisyon 2^{yèm} Degre- fè espere frape, bouskile, choute oswa fè yon lòt moun sibi kontak fizik oswa menase pou fè menm bagay la oswa swiv yon moun nan yon andwa piblik oswa ozalantou yon andwa piblik.

Agresyon 2^{yèm} Degre- fè espere lakòz domaj fizik grav pou yon lòt moun oswa yon tyès pèsòn oswa fè espere lakòz domaj fizik ak yon zam mòtèl oswa enstriman danjere.

Agresyon 3^{yèm} Degre- fè espere lakòz oswa lakòz avèk enpridans domaj fizik pou yon lòt moun.

Dezòd Kriminèl- fè dega avèk enpridans ak/oswa toutespre nan pwopriyete yon lòt moun ki depase montan de san senkant dola oswa anpeche yon moun kominike yon demann pou èd annijans.

Abi Seksyèl 2^{yèm} Degre- fè yon lòt moun gen kontak seksyèl alòske lòt moun nan pa anmezi pou bay konsantman pou yon rezon apa paske moun lan gen mwens pase 17 lane.

Abi Seksyèl 3^{yèm} Degre- fè yon lòt moun gen kontak seksyèl alòske lòt moun nan pa anmezi pou bay konsantman poutèt moun nan gen mwenske 17 lane epi lòt moun sa gen plis pase 14 lane, epi akize a te gen mwenske 5 lane anplis pase lòt moun nan.

Menasan 2^{yèm} Degre- ekspoze toutespre yon zam mòtèl oswa yon enstriman danjere pou fè yon lòt moun krenn oswa eseye fè yon lòt moun krenn avèk rezon domaj fizik oswa lanmò. Plede swiv yon moun oswa adopte yon konpòtman oswa plede komèt zak pandan yon peryòd tan toutespre ki fè yon lòt moun krenn oswa eseye fè yon lòt moun krenn rezonabman li ka sibi domaj fizik oswa lanmò.

Menasan 3^{yèm} Degre- fè espere fè yon lòt moun krenn oswa eseye fè yon lòt moun krenn yo pral tiye li, domaj fizik grav ki san lè rive oswa domaj fizik.

Mete an danje akòz enpridans- Angaje avèk enpridans nan konpòtman ki kreye yon gwo risk domaj fizik grav oswa yon gwo risk lanmò pou yon lòt moun.

Pèsekisyon- rive lè nenpòt moun plede lakòz ou pè pou sekirite ou. Li mande yon seri zak ki repete, san okenn rezon lejitim, epi yo pa oblije enfraksyon kriminèl. Yo gen chans lakòz moun nan gen rezon pou pè pou travay li, biznis li oswa karyè li menase, lè konpòtman an konsènen parèt, telefòn oswa kòmansè kominikasyon oswa kontak nan kote moun nan travay oswa kote li gen biznis, epi yo te deja enfòmè defandè a ak lè pou li sispann konpòtman sa.

Tantativ agresyon- fè tantativ pou lakòz yon lòt moun blese fizikman.

Move Konpòtman Seksyèl- gen rapò seksyèl oswa kontak seksyèl oral avèk yon lòt moun san konsantman moun nan.

Touche pa fòs- fè espere epi san rezon lejitim, manyen pa fòs pati seksyèl oswa lòt pati entim yon lòt moun.

Trangle 1^{mye} Degre – lè yon moun komèt zak blokaj kriminèl respirasyon oswa sikilasyon san epi lakòz domaj fizik grav.

Trangle 2^{yèm} Degre- lè yon moun komèt krim blokaj kriminèl respirasyon oswa sikilasyon san epi li fè yon moun gaga, li fè li pèdi konnesans pandan nenpòt peryòd tan, oswa lakòz nenpòt lòt blese oswa pwoblèm fizik.

Blokaj Kriminèl Respirasyon oswa Sikilasyon San - lè, avèk entansyon pou anpeche respirasyon oswa sikilasyon nòmal san yon lòt moun, li: fè presyon sou gòj oswa kou moun nan; oswa li bloke nen oswa bouch moun nan.

Vòl Idantite 1^{ye} Degre- lè yon moun itilize enfòmasyon idantifikasyon pèsònèl yon lòt moun, tankou nimewo kat kredi oswa nimewo sekirite sosyal, pou jwenn yon bagay ki gen valè epi bagay la vo plis pase de (2) mil dola, oswa li sèvi ak enfòmasyon pèsònèl yon lòt moun pou lakòz pèt finansye pou moun nan ki plis pase de (2) mil dola.

Vòl Idantite 2^{yèm} Degre- lè yon moun itilize enfòmasyon idantifikasyon pèsònèl yon lòt moun, tankou nimewo kat kredi oswa nimewo sekirite sosyal, pou jwenn yon bagay ki gen valè epi bagay la vo plis pase senk san dola, oswa li sèvi ak enfòmasyon pèsònèl yon lòt moun pou lakòz pèt finansye pou moun nan ki plis pase senk san (500) dola.

Vòl Idantite 3^{yèm} Degre- lè yon moun itilize enfòmasyon idantifikasyon pèsònèl yon lòt moun, tankou nimewo kat kredi oswa nimewo sekirite sosyal, pou jwenn yon bagay ki gen valè.

Gran Lasen 3^{yèm} Degre- lè yon moun vòlè yon pwopriyete ak lè pwopriyete a depase twa (3) mil dola oswa li jwenn pwopriyete a ak chantay oswa paske li fè viktim nan pè.

Gran Lasen 4^{yèm} Degre- lè yon moun vòlè yon pwopriyete epi pwopriyete a depase mil dola oswa se yon dokiman ofisyèl, materyèl syantifik sekrè, yon kat kredi, yon zamafe, yon machin, yon atik ki gen enpòtans relijye, yon atik li jwenn ak chantay oswa se nenpòt atik li pran nan men yon lòt moun

Kontrent 2^{yèm} Degre- lè yon moun fòse yon lòt moun patisipe nan aktivite moun nan pa vle patisipe ladan paske li pè premye moun nan ap lakòz blese fizik, dega nan pwopriyete, oswa fè li komèt yon zak kriminèl.

¹ Krimm, J., Heinzer, M. Domestic Violence Screening in the Emergency Department of an Urban Hospital. Journal of the National Medical Association. Vol. 94, Nimewo 6, jen 2002.